


# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



## Pasukan Alit Gideon



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Sangeus Yosua pupus, sakumna urang Israil henteu nurut ka Gusti, sarta ninggalkeun anjeunna tina kahirupan. Gusti ngidinan tatangga urang Midian

ngaduruk pepelakan jeung imah urang Israil. Urang Israil kudu cicing di guha.



Urang Israil, Gidion, pasti boga tempat rahasia pikeun melak gandum. Anjeunna susulumputan ngirik gandum jeung meres anggur, handapeun tangkal badag. Urang Midian henteu terang tempat éta - tapi Gusti

terang! Gusti ngutus Malaikat mawa pesen pikeun Gidion.

3




Allah miharep Gidion ngancurkeun gambaran bapana sorangan ngeunaan déwa palsu sarta ngawangun altar pikeun Gusti sajati. Sanajan Gidion sieun ku sabangsana bakal maéhan manéhna, manéhna ngalakukeun sakumaha anu dititahkeun ku Allah.

4




Gusti ogé miharep Gidion mingpin tentara Israil ngalawan urang Midian nu jahat. Tapi Gideon teh sieun. Manéhna ménta tanda husus yén Gusti nyarengan. Lajeng anjeunna neundeun kulit domba halus dina taneuh.

5




"Lamun aya ibun dina bulu domba, sarta eta garing sakuliah taneuh," Gideon ngado'a, "mangka kuring bakal nyaho yén Anjeun bakal nyalametkeun urang Israil ku leungeun kuring, sakumaha saur Anjeun." Isuk-isuk taneuh teh geus garing, tapi **BULU BULUH BUSUH!**

6



Gideon masih cangcaya. Ayeuna manéhna miunjuk ka Gusti ngirimkeun ibun kana taneuh tapi teu dina bulu domba. Isuk-isuk - taneuhna beueus, tapi **BULU NU GARING!**


7



Gidion ngamimitian ku 32.000 urang prajurit. Gusti ngirangan kana kantun 300 urang. Gusti teu hayang Israel bakal nyarios, "Abdi tos salamet ku leungeun abdi sorangan." Gusti nyalira nyaeta Jurusalamet urang Israil.

8

Rumangsa Gideon masih boga sieun, Gusti ngidinan manéhna ngupingkeun soldadu Midian ngabejaan ngimpi aneh. Dina ngimpina, roti murag sarta ngancurkeun tenda urang Midian.



9

Penjaga séjén sieuneun. "Ieu... pedang Gideon...", manéhna ngagorowok. Nalika Gideon nguping éta impian jeung hartina, manéhna nyaho yén Allah bakal matak manéhna meunang.




10

Gideon rencanana rek narajang ti peuting. Anjeunna masihan ka unggal prajurit hiji tarompet, sareng hiji kendi kosong sareng obor di jerona. Maranehna ngurilingan tentara Midian.




11

Numutkeun tanda ti Gideon, soldadu teh geuwat niup tarompet, meupeuskeun kendi-kendina, jeung ngahurungkeun obor-oborna. Nyaring pisan! Ngabingungkeun pisan! Urang Midian nu sarieuneun tuluy lalumpatan.



12

Sanggeus kamenangan anu agreng ieu, urang Israil menta Gideon pikeun marentah aranjeunna. "Kuring moal marentah maneh... GUSTI anu bakal marentah anjeun," tembal Gideon. Manéhna nyaho



yén ngan Gusti nu boga hak pikeun ngatur kahirupan manusa.

13

### Pasukan Alit Gideon

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Hakim-hakim 6-8

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

14

# Rengse

15

60

15

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaeaan Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngeningkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

16